

Date : April 24, 2014

Nimewo Pwogram Nan : 0938

Tit Pwogram Nan : Danyèl 9:20-27

Bonjou, bonswa, byenvini nan etid la, n'ap avanse a gran pa nan liv Danyèl e n' va wè jodia Danyèl 9:20-27.

Annou pwoche kote Bondye Papa a nan lapriyè.

O Bondye tou pisan, Ou merite tout louwanj ki sou tè a. Ou merite tout louwnaj ki nan syèl la. Ou merite tout lwanj ki egziste, pou tout tan ki egziste. Ke non W' Bondye kapab glorifye pou toutan gen tan. Kite lavi nou Senyè refleto laglwa Ou. Kite aksyon n'ap poze e pawòl k'ap soti nan bouch nou onore laglwa Ou. Kite lavi nou, kite etid jodia ka pwente nan yon sèl direksyon nan direksyon lagwa Shekinah a. Ke nan tout bagay se non W' e non W' sèlman ki toujou glorifye. Se nan non Bondye Pitit la, Bondye glorifye ki chita jodia sou bò dwat Ou a ke nou priye W', amèn.

M'ap swete w' byenvini nan etid nou pou jounen an. Nou nan Danyèl 9:20-27.

Danyèl 9 :20 *Mwen t'ap pale toujou nan lapriyè a, mwen t'ap rekonèt peche m' yo ak peche pèp Izrayèl la, pèp mwen an devan Bondye. Mwen t'ap mande Seyè a, Bondye mwen an, gras mizèrikòd pou mòn ki apa pou li a.*

" *Mwen t'ap pale toujou nan lapriyè a, mwen t'ap rekonèt peche m' yo...*" Note byen Danyèl di "peche m' yo." Danyèl konfese li se

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMP production), mstorly@hotmail.com

yon pechè. Men se enteresan pou n' remake ou mèt chaje nan tout Bib la ou pap ka jwenn yon kote yo mansyone yonn nan peche Danyèl te fè yo. Anfèt, lè lenmi mòtèl li yo t'ap chache yon fòt pou akize Danyèl, Bib la di yo pa t' ka jwenn anyen, e se pa t' chache yo pa t' chache, sètènman yo te chache menm nan bwat fatra Danyèl men yo pa t' ka jwenn anyen mal pou akize l'.

Atò si kounyea w'ap fouye zo nan kalalou pou mande men ki peche Danyèl te fè, enben m'ap reponn ou sa pa gade ni ou ni mwen. Bondye pa t' deside mansyone sa nan Pawòl Li.

Donk se konfime Danyèl te yon pechè, m' ka kontiye di pa gen moun nan Ansyen Testaman an ki te sove sou baz Dis Kòmandman yo. Danyèl t'ap enplòre mizerikòd Bondye sou tèt li ak sou pèp Izrayèl la.

"Mwen t'ap mande Seyè a, Bondye mwen an, gras mizèrikòd pou mòn ki apa pou li a." Mòn ki apa pou Li a ap fè referans sou Jerizalèm e sou Wayòm Bondye ki gen pou etabli pi devan an (ou ka li Ezayi 2:1, 2 sou sa).

Danyèl 9 :21 *Wi, mwen t'ap pale toujou nan lapriyè a, lè Gabriyèl, zanj mwen te wè nan premye vizyon an, vole desann kote mwen te ye a. Se lè yo te konn fè ofrann bèt aswè a.*

" ... Lè Gabriyèl, zanj mwen te wè nan premye vizyon an." Grabriyèl se yon zanj ki te manifeste sou fòm yon moun. Li te parèt bò twa zè nan apremidi yo konsa, nan lè yo te konn prezante ofrann aswè a nan tanp Jerizalèm nan.

PWOFESI SWASANNDIS SENMENN YO

Nou rive kounyea nan pwofesi zanj Grabriyèl te bay Danyèl nan okazyon sa a, pwofesi ki bay chapit sa a yon si gran enpòtans nan etid eskatolojik yo.

Danyèl 9 :22, 23 *Li vini, li pale avè m'. Li di m' konsa: - Danyèl, koulye a mwen vin la a pou m' ede ou konprann mesaj la.*

Depi lè ou te fèk konmanse ap lapriyè nan pye Bondye a, li te gen tan reponn ou. Se mesaj sa a mwen vin fè ou konnen. Ou se yon moun Bondye renmen anpil. Koulye a, louvri zòrèy ou pou ou ka konprann sans vizyon an byen.

Remake Bondye te reponn lapriyè Danyèl la imedyatman. M' tande Dr. Gaebelein di sa te pran l' sèlman twa minit pou li lapriyè Danyèl la an Ebre. Men menm anvan Danyèl te fin lapriyè, zanj Gabriyèl te deja kanpe la bò kote l'. Donk Dr. Gaebelein konkli nan yon ton amizan pou di " Li pran Gabriyèl twa minit sèlman pou soti nan syèl rive sou latè." Evidamman si je Danyèl te fèmen pandan l' t'ap lapriyè a, li te ka pa wè si zanj lan te deja kanpe devan l' depi de ou twa minit ap tann li fin lapriyè. Senyè Bondye nou pwomèt nan Ezayi 65:24: " *Anvan menm yo fin lapriyè, m'ap gen tan reponn yo. Anvan menm yo fèmen bouch yo, m'ap gen tan ba yo sa yo mande a.*"

Remake zanj lan di Danyèl: " *Ou se yon moun Bondye renmen anpil.*" Sa se bèl bagay! Lè Bondye ap gade nou kòm kretyen Li wè nou atravè Jezikri. Dapre Efezyen 1:6: " *Bondye te deside depi davans pou l' te adopte nou pou pitit li nan Jezikri, paske sa te fè l' plezi.* " Donk Bondye pran plezi nan nou, Li renmen nou anpil akòz Senyè nou Jezikri.

Danyèl 9 :24 *Sèt fwa swasanndizan an, se tan sa a Bondye fikse pou l' delivre pèp li a ansanm ak lavil ki apa pou li a anba peche ak mechanste. Lè lè sa a va rive, l'ap padonnen tout*

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMP production), mstorly@hotmail.com

peche. Tout moun pral mache dwat pou tout tan. Konsa, tou sa yo te anonse nan vizyon an ak nan mesaj pwofèt la va rive. Yo pral mete lotèl la apa pou Bondye ankò.

Tradiksyon nou an di "Sèt fwa Swasanndizan", gen lòt ki di "Swasanndis senmenn." Men swasanndis senmenn sa a se pa swasann dis senmenn sèt jou, ou swasanndis lanne ou menm swandis yon lòt inite mezi tan. Mo Ebre pou chif "sèt" la se Shabua, ki vle di "yon inite mezi." Li menmjan tankou lè yon moun di yon "douzèn." E douzèn sa a ka asosye ak nenpòt bagay li ka yon douzèn mang, yon douzèn ze ou yon pat douz grenn fig mi. Kifè tradiksyon egzak ekspresyon "swasanndis senmenn lan" se "swasanndis fwa 'sèt'." Nan egzanp nou an nou ta ka di swasanndis "douzèn". Nan kontèks vèsè n'ap etidye a yo esplike Danyèl te pase plizyè "lanne" ap etidye liv pwofèt Jeremi an, anviwon 70 lanne. Inite mezi a nan kontèks vèsè a se lanne. Swasanndis lanne kaptivite yo se te yon chatiman espesifik ki egal a swasanndis lanne saba yo pa t' respekte yo. Swasanndis multipliye pa sèt bay 490 lane. Pandan 490 lanne sa yo, Izrayèl pa t' obsève lanne sabatik yo; kifè Bondye te voye yo an kaptivite pou swasanndizan. Nan II Kwonik 36:21, nou li: "*Se konsa, sa Seyè a te mete nan bouch pwofèt Jeremi an rive vre: Pandan swasanndizan tè a pral rete san yon moun ladan l', li pral pran repo pou tout jou repo yo pa t' janm ba li a.*"

Kifè, dapre entèpretasyon nou adòpte isit la, fòm lan vin parèt konsa:

1 senmenn = 7 an

70 senmenn = 490 lanne

E 70 senmenn yo te divize an twa peryòd ki se: 7 senmenn; 62 senmenn; e 1 senmenn

Swasanndis Senmenm yo (ou nan tradiksyon nou an sèt fwa swasanndizan yo) reponn de kesyon patikilye. Tou dabò wayòm Izrayèl la pa va vini lapoula. Fòk tout swasanndis senmenn yo nèt fin pase. Swasanndis senmenn yo kouvri tout peryòd tan dominasyon moun lòt nasyon yo. Ni swasanndis fwa sèt Izrayèl la ni Tan Moun lòt nasyon yo tou de peryòd sa yo va fini menm lè, ki se nan moman dezyèm retou Kris la sou latè. Sa ekstrèmman enpòtan pou n' koprann si n' ta remenm byen entèprete pwofesi yo nan Bib la.

Swasanndis senmenn yo gen pou wè ak "pèp li a" sa vle di pèp Danyèl la, moun pèp Izrayèl yo. Yo gen pou wè tou ak "Lavil ki apa pou li a" e vil sa a pa lòt pase Jerizalèm. Gen sis bagay ki dwe akonpli nan Swasandis Senmenm, sèt fwa swasanndizan ou 490 lanne sa yo. Nou va wè pandan n'ap avanse nan etid yo deja gen swasant nèf senmenn ki pase e rete yon dènye senmenn ki gen pou akonpli.

Me lis sis bagay ki dwe akonpli nan espas Swasanndis senmenn yo.

1. "... *Se tan sa a Bondye fikse pou l' delivre pèp li a ansanm ak lavil ki apa pou li a anba peche ak mekanste.*" N'ap aksantye isit la sou mo mekanste a, nou kapab di tou transgresyon. Sa ap pale sou transgresyon Izrayèl yo. Lakwa ofri redanmsyon pou peche, pou peche nasyon yo men se pa tout moun ki aspète l'. Jodia pawòl la gaye jouk nan dènye bout latè gen redanmsyon pou limanite. Senyè a deklare nan dyènye senmenn swasanndis senmenn yo, selon Zakari 12:10: "*M'a fè pitit pitit David yo ak moun lavil Jerizalèm yo gen bon kè. M'a fè yo konn lapriyè nan pye m'. Y'a leve je yo gade m', y'a wè moun yo te pèse a. Y'a nan gwo lapenn pou li tankou moun ki pèdi sèl pitit li te genyen an. Y'a pete rele tankou moun ki pèdi premye pitit gason yo.*" E nan Zakari

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

13:1: " *Lè sa a, yon sous dlo va pete pou lave moun fanmi David yo ak moun ki rete lavil Jerizalèm yo pou wete peche yo, pou mete yo nan kondisyon pou yo sèvi Bondye ankò. Se Seyè a menm ki di sa.*" Nou poko wè sou dlo sa yo pete. Yon senp koudèy sou eta lavil Jerizalèm jodia ka demontre jan pwofesi sa yo poko akonpli.

2. " *... Se tan sa a Bondye fikse pou l' delivre pèp li a ansanm ak lavil ki apa pou li a anba peche...*" Se nan moman dezyèm vini Kris la ansanm peche kolektif nasyon Izrayèl la va rive nan bout li. Jodia moun sa yo tankou nenpòt pèp, nenpòt nasyon sou latè. Yo se pechè e pou chak endividi an patikilye e pou nasyon an an jeneral. Menmjan tankou nou, yo te komèt anpil gwo erè kòm nasyon men Bondye pi devan va mete yon pwen final nan sa.
3. " *Lè lè sa a va rive, l'ap padonnen tout peche.*" Pandan peryòd Swasanndis Senmenn yo Bondye ofri nou redanmsyon atravè lanmò ak rezireksyon Kris la. E sa evidamman valab ni pou Jwif ni pou moun lòt nasyon.
4. " *Tout moun pral mache dwat pou tout tan.*" Sa ap fè referans sou retou Kris la nan fen 490 lane yo pou etabli Wayòm Li sou tè a.
5. " *Konsa, tou sa yo te anonse nan vizyon an ak nan mesaj pwofèt la va rive.*" Tout pwofesi bibliik yo nèt ni sa y'ap bannou la koulyea ni lòt ki po t' ko akonpli yo, yo tout va jwenn akonplisman yo nan moman sa.
6. " *Yo pral mete lotèl la apa pou Bondye ankò.*" Sa ap fè referans sou konsekrasyon lye trè sen an, kote ki apa nèt pou Bondye a nan tanp Milenè a ke Ezekyel te mansyone nan Ezkyèl chapit 41-46 yo.

Danyèl 9 :25-27 *Konprann sa byen, louvri zòrèy ou. Depi lè yo te bay lòd pou yo te rebati Jerizalèm lan jouk lè chèf Bondye chwazi a va vini an, sèt fwa sètan pral pase. Yo pral rebati Jerizalèm avèk wout li yo ak miray ranpa li yo. Lavil la pral kanpe pou sèt fwa swasanndezan, men pandan tout tan sa a, moun pral anba anpil tray.*

Aprè sèt fwa swasanndezan sa yo, yo pral touye chèf Bondye te chwazi a san rezon. Yon lòt chèf ap vini sot byen lwen, l'ap detwi lavil la ansanm ak Tanp lan. Tout bagay pral rete konsa, y'ap fini tankou lè gwo dlo desann. Lè sa a, pral gen lagè ak ravaj jan Bondye te pare l' la.

Chèf sa a pral siyen yon kontra solid avèk anpil lòt pèp pandan sètan. Men, sou twazan sis mwa l'ap fè yo sispann touye bèt ak fè ofrann pou Bondye. Yo pral mete bagay nou pa ta renmen wè a, bagay k'ap bay gwo lapenn lan chita byen wo nan Tanp lan. L'ap rete la jouk moun ki va mete l' la a va kontre ak bout li, jan Bondye pare sa pou li a.

Dat lè peryòd 490 lanne yo kòmanse a esansyèl pou n' ka rive enèprete pwofesi sa kòrèkteman. Kòm peryòd sa gen pou wè ak Tan moun lòt nasyon yo, li oblije entegre nan istwa sekilye a e soti nan kèk dat patikilye ki make tan moun lòt nasyon yo. Evidamman yo te bay tout kalite sijesyon pou dat konmansman sa a. Gen moun ki di: se lè dekrè Siris la ke nou jwenn nan Esdras 1:1-4 la; ki lòt ki indantifye l' ak dekrè Dariyis la nan Esdras 6:1-12; e lòt ankò ki pale sou dekrè Atagzèsès la ke l' te pibliye sou setyèm lanne reny li selon Esdras 7:11-26; opinyon yo diferan m' panse dat dekrè Atagzèsès te pibliye sou ventyèm lanne reny li a fè plis sans pou kontèks sa n'ap etidye la you (Ou ka gade Neyemi 2:1-8 sou sa). Se nan mwa Nisan nan lanne 445 anvan Jezikri yo te pibliye dekrè pou rebati lavil Jerizalèm nan. Dapre nou se sa ki konsitiye pwen de depa a.

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

Premye gwoup sèt senmenn karant nevan yo mennen yo nan lanne 397 anvan Jezikri nan tan Malachi yo nan fen Ansyen Testaman an. Sa yo se te "tan latwoublay" tankou ni Neyemi ni Malachi temwaye sa.

Swasannde senmenn, ou ankò 483 lanne, menn nou nan tan Mesi a, Senyè Jezi. Sir Robert Anderson nan liv li a ki rele "*The Coming Prince, Prens k'ap vini an*" te prezante yon kalandriye. Soti nan pre jou mwa Nisan an rive nan dizyèm jou mwa Nisan an ki se 6 avril lanne 32 apre Jezikri, sa bay o total 173.880 jou. Lè w' divize yo pa 360 jou dapre kalandriye jwif la, li rive nan 483 lanne ki se 69 senmenn. Nan jou sa a egzakteman, Senyè Jezi te antre Jerizalèm e prezante tèt Li pou lapremyè fwa, pliblikman e ofisyèlman, kòm Mesi a.

Apre 69 senmenn yo, ou 483 zan yo, te gen yon poz. E ant swasantnevyèm ak swasannvizyèm senmenn yo nan gen de bagay ekstrèmman enpòtan ki va pase:

1. Yo pral touye chèf Bondye te chwazi a, sa vle di Mesi a san rezon. Sa zanmi se endikasyon krisifiksyon Kris la, gran mistè ak verite Levanjil. Matye 16:21 di: "*Depi lè sa a, Jezi kòmanse pale aklè ak disip li yo, li di: Fòk mwen moute lavil Jerizalèm. Fòk mwen soufri anpil nan men chèf fanmi yo, nan men chèf prèt yo, nan men dirèktè lalwa yo. Y'ap fè yo touye mwen. Men, sou twa jou, mwen gen pou m' leve soti vivan nan lanmò.*" E Jan 3:15 konfime: "*Tout moun ki mete konfyans yo nan li va gen lavi ki p'ap janm fini an.*"
2. Dezyèm bagay trè enpòtan ki dwe rive a se destriksyon lavil Jerizalèm. E sa te rive efektifman nan lanne 70 lè Tit anperè Women an te detwi vil la.

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

Dènnye senmenn lan, ki se swasanndizyèm senmenn lan, yon peryòd sèt lanne, se yon pwojeksyon sou tan k'ap vini yo e l' pa swiv lòt swasant nèf senmenn yo pye pou pye. Entèval ki genyen ant swasantnevyèm ak swasantdiztyèm senmenn lan se peryòd lagras la, yon peryòd Bondye pa t' revele pwofèt ditou (e sou sa ou ka li Efezyen 3:1-12 e I Pyè 1: 10-12). Swasanndiyèm senmenn lan gen yon aspè eskatolojik; se dènnye peryòd la e l'a gen pou l' akonpli pi devan, nan tan k'ap vini yo.

Se te yon plezi pou nou te ansanm nan pwogram jodia, nan pwoche etid si Bondye vle nou va wè 10 premye vèsè yo nan Danyèl chapit 10. Pou kounyea n'ap kite w' avèk lapè Bondye!